



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 14 oktòb 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWROUP TRAVAY POU DEVLOPE YON PLAN POU METE FEN NAN EPIDEMI
SIDA**

***Gwoup travay la gen pou responsabilite aplikasyon yon plan a twa-pwen pou diminye nouvo
enfeksyon VIH a 750 pa ane nan 2020***

Lòt gwoup pral ede kontribye pou oryante gwoup travay la ak rann piblik efò pou fini avèk epidemi an

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse manm yo nan Gwoup Travay la ki pral travay pou aplike plan an pou mete fen nan epidemi SIDA nan New York. Gwoup Travay la – De gwoup konsiltatif pral konplete travay yo nan lavni – pral sipòte efò pou redwi kantite nouvo enfeksyon VIH a 750 pa ane nan ane 2020. Ansanm, toulè twa gwoup yo pral gen ladan yo ekspè ak defansè kominote a toupatou nan New York e li pral pèfòme kanpay sansibilizasyon ak sansibilizasyon piblik annakò avèk plan Gouvènè a.

“VIH/SIDA te toumanje fanmi yo toupatou nan Eta sa a pandan twò lontan, e ansanm nou pral mete yon fen nan epidemi sa a,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Maladi sa ka afekte moun nan tout nivo nan lavi a, e pi bonè sosyete a reyalize sa, se pi bonè yo ka mete fen nan stigma ki anpeche twòp moun fè tès epi trete. Mwen vle remèsye tout moun ki te rejwenn nou pou mete sou pye plan sa jiska prezan – kontribisyon yo ap ede sove lavi nan preske chak kwen nan Eta nou an.”

Twa gwoup prensipal yo ki chaje pou mete fen nan epidemi an se:

1. Yon Gwoup travay, ki te etabli an sipò yon plan a twa pwen Gouvènè Cuomo e li pral devlope ak pibliye rekòmandasyon ansanm avèk trase plan New York pou mete fen nan epidemi sa. Kat sou-komite pral konsantre spesyalman sou prevansyon, swen, done, ak sèvis lojman sipòtif (non manm yo liste anba);
2. Gwoup Konsiltatif Ofisyèl Piblik, ki pral gen ladan ofisyèl lokal piblik ak eta avèk yon enterè enpòtan ak eksperyans nan VIH ak SIDA yo pral gen opòtinite pou bay kòmantè a gwoup travay la; ak
3. Anbasadè konsyantizasyon piblik yo pral LGBT aktif ak defansè sou konsyantizasyon SIDA ki

pral ede ogmante konsyantizasyon, pwomote plan Gouvènè a, ak redwi stigma ki asosye avèk VIH/SIDA.

Yo pral anonse nan yon lòt dat manm yo nan Gwoup Konsiltatif Ofisyèl Piblik ak Anbasadè Konsyantizasyon piblik yo.

Fen epidemi SIDA nan New York pral rive lè kantite total nouvo enfeksyon VIH te tonbe anba kantite ka lanmò ki gen rapò a maladi VIH. Nan mwa Jen, Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon plan twa-pwen pou diminiye nouvo enfeksyon VIH nan pwen kote kantite moun kap viv avèk VIH nan Eta New York ap redwi pou premye fwa:

1. Idantifye moun ki genyen VIH ki pa fè dyagnostik e ki relye yo avèk swen sante;
2. Relye epi kenbe moun ki dyagnostike avèk VIH a swen sante epi fè yo jwenn terapi anti-VIH pou maksimize represyon VIH kidonk yo rete ansante epi prevni plis transmisyon; ak
3. Bay aksè a Pre-Ekspozisyon Pwofilaksi (PrEP) pou moun ki gen risk elve pou kenbe yo VIH negatif.

“Efò sa yo pral ogmante disponibilite pou sove lavi, transmisyon-tretman ki entèwonp pou VIH, sove lavi ak amelyore sante Nouyòkè yo,” te deklare Komisyonè Sante Eta pa entèrim Dr. Howard Zucker, M.D., J.D. “Yo pral mete nou nan yon istwa ke nou genyen pi move epidemi VIH nan peyi a youn kote nouvo enfeksyon yo pral ra e moun yo kap viv avèk maladi a pral gen yon dire lavi nòmal avèk kèk ti konplikasyon.”

Alòske peyi a tankou yon ansanm pat anrejistre diminisyon nan kantite dyagnostik VIH pandan dènye deseni ki sot pase a, Eta New York te atenn yon 40 pousan rediksyon e de fason enpòtan diminye nan ensidans VIH atravè tout kategori ras, etnisite, sèks, laj, ak risk. Byenke kantite nouvo enfeksyon VIH te deklive pandan kèk ane, kantite total Nouyòkè yo kap viv avèk VIH/SIDA te kontinye ogmante. Sa a fèt paske moun ki gen VIH kapab viv kounye a yon dire lavi nòmal e kantite ka lanmò VIH/SIDA ap diminye tou.

Gwoup travay Gouvènè a pral rankontre pandan senk okazyon kòmanse nan dat 14 Oktòb. Yo pral rann tout reyinyon yo piblik e ou kapab gade yo atravè webcast nan sitwèb Gouvènè a nan <http://www.governor.ny.gov/>. Premye reyinyon an pral fèt de 11:00 a.m. a 5:00 p.m. nan Madi 14 Oktòb 2014 nan Troy Hilton Garden Inn; reyinyon ki vini apre yo pral altène ant Capital Region ak Vil New York.

Mesye Elton John, Fondatè Fondasyon SIDA Elton John te deklare, “Gouvènè Cuomo konprann ke VIH/SIDA se yon pwoblèm jistis ak egalite, e pou mete fen nan SIDA nou bezwen mete fen nan stigma. Avèk etablisman gwoup travay sa a, Gouvènè Cuomo kontinye dirije nan fason pou mete yon fen nan SIDA, epi pozisyon Eta New York kòm yon lidè mondyal nan prevansyon ak tretman VIH/SIDA.”

Haitian Creole

Prezidan ak PDG Housing Work Charles King te deklare, “Mwen rekonesan a Gouvènè Cuomo ak Depatman Sante pou konviksyon yo ak opòtinite pou yo fè yonsèl vwa pami anpil pèspektiv enpòtan kap gide rekòmasyon Gwoup travay la pou mete fen nan SIDA. Pandan anpil ane, mwen te di menm san yon vaksen oswa yon tretman, nou gen zouti pou mete fen nan SIDA kòm yon epidemi kounye a. Avèk konvokasyon Gwoup Travay sa a, Eta ap pran premye etap nan delivre pwomès li yo pou pote tout fòs gouvènman ak resous li yo pou pote nan mete fen a SIDA.”

Prezidan Komisyon Latino sou SIDA Guillermo Chacon te deklare, “Mwen onore paske map sèvi nan Gwoup travay istorik sa a. Nou rekonèt angajman ak lidèchip Gouvènè Cuomo pou devlope yon plan pou mete fen nan SIDA nan Eta New York nan ane 2020. Mwen pral kontribye nan tout nivo yo pou asire yon plan ki pral adrese bezwen ak defi moun yo ki te afekte anpil pa epidemi VIH ak SIDA.”

Komisyon Lidèchip National Black sou SIDA, Inc. Direktè Egzekitif C. Virginia Fields te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te pran yon etap konvenkan ak nesèsè nan yon moman kote Afriken Ameriken kontinye pou yo afekte pa VIH de fason dispwopòsyonèl.”

Direktè Egzekitif Empire State Pride Agenda Nathan M. Schaefer te deklare, “Se yon onè dèske yo nomenm nan Gwoup Travay la ki pral travay etwatman avèk plan akeyan anbisye Gouvènè Cuomo pou mete fen nan epidemi SIDA nan ane 2020. VIH/SIDA te afekte de fason dispwopòsyonèl Nouyòkè LGBT yo e map rete tann pou m lite nan non kominote nou an pou detwi viris la nan Empire State.”

Gwoup Travay la mete fen nan epidemi an

Prezidan yo:

Ko-Prezidan Kominotè: Charles King, Ofisye Egzekitif Anchèf, Housing Works, Inc.

Ko-Prezidan Gouvènman: Guthrie Birkhead, MD, MPH, Komisyonè Adjwen, Biwo Sante Piblik, NYSDOH

Manm yo:

Diane Arneth, Prezidan, Aksyon Sante Kominotè Staten Island

Benjamin Anderson Bashein, Direktè Egzekitif, ACRIA

Jack Beck, Direktè, Pwojè Vizite Prizon, Asosyasyon Koreksyonèl New York

Jo Ivy Boufford, MD, Prezidan, Akademi Medsin New York

Courtney Burke, Sekretè Adjwen pou Sante, Eta New York

Gale Burstein, MD, MPH, Komisyonè, Depatman Sante Konte Erie

Eli Camhi, Direktè Egzekitif, Select Sante/ Popilasyon Spesyal nan VNSNY CHOICE

Alex Carballo-Diequez, PhD, Chèchè Syantis, Sant VIH pou Klinik ak Etid Konpòtman Enstiti Sikyatri Eta New York. Pwofesè Sikoloji Medikal (nan Sikyatri) nan CUMC. Inivèsite Columbia

Guillermo Chacon, Prezidan, Komisyon Latino sou SIDA

Allan Clear, Direktè Egzekitif, Harm Reduction Coalition

Robert Cordero, Prezidan, BOOM! Sante

Demetre Daskalakis, MD, Asistan Komisyonè, Biwo Prevansyon ak Kontwòl VIH/SIDA,

NYCDOHMH

Sherry Deren, PhD, Direktè, Sant pou Itilizasyon Medikaman ak Rechèch sou VIH, College of Nursing

Don C. Des Jarlais, PhD, Direktè, Sant Medikal Beth Israel

Erin Drinkwater, Direktè Egzekitif, Sant Pride Kominotè Brooklyn

Ken Dunning, Direktè Pwogram VIH/SIDA, American Indian Community House

Sharen Duke, Direktè Egzekitif, Ofisye Egzekitif anchèf, AIDS Service Center NYC

James Eigo, AIDS Coalition to Unleash Power (ACT UP)

Lawrence Eisenstein, MD, Komisyonè, Depatman Sante Konte Nassau

Stephen Ferrara, DNP, Direktè Egzekitif, Asosyasyon Enfimyè Praktisyen Eta New York

C. Virginia Fields, Prezidan ak PDG, Komisyon National Black Leadership on AIDS, Inc.

Doug Fish, MD, Chèf, Divizyon Medsin VIH, Sant Medikal Albany

Ingrid Floyd, Direktè Egzekitif, Iris House

Jennifer Flynn, Direktè Egzekitif, VOCAL NY

Robert Fullilove, PhD, Inivèsite Columbia, Mailman Lekòl Sante Piblik, Kolèj Doktè ak Chirijyen

Tracie M. Gardner, Ko- Direktè Règleman, Sant Aksyon Legal

Vito Grasso, Direktè Egzekitif Adjwen, NYS Academy of Family Physicians

Terry Hamilton, Direktè Sèvis VIH, Kòporasyon Sante ak Lopital NYC

Perry Halkitis, PhD, Pwofesè Sikoloji Aplike, Sante Piblik, & Sante Popilasyon, Direktè Sant pou Sante, Idantifye, Etid sou Konpòtman & Prevansyon nan Inivèsite New York

Mark Harrington, Direktè Egzekitif, Gwoup Aksyon Tretman

Cristina Herrera, Pwojè Idantite Seksyèl, Kowòdonatè Prevansyon Kominotè, Rezo Translatina / The Center

Marjorie J. Hill, PhD, Konsiltan, NYS Prezidan Konsèy Konsiltatif SIDA

Zachary Jones, Senior Bishop, Unity Fellowship Church

Perry Junjulas, Direktè Egzekitif, Sant Damien Albany

David Kilmnick, PhD, MSW, Ofisye Egzekitif anchèf, Sèvis Rezo GLBT Long Island

Linda Lambert, Direktè Egzekitif, New York Chapter, American College of Physicians

Jay Laudato, Direktè Egzekitif, Sant Sante Kominotè Callen-Lorde

Kalvin Laveille, Community Outreach Coordinator, Columbia University, SASDC Ko-Prezidan, NYSDOH

Kelsey Louie, Ofisye Egzekitif Anchèf, Gay Men's Health Crisis

Gal Mayer, MD, Direktè Adjwen, Syans Medikal VIH, Gilead Sciences

Wilfredo Morel, Direktè, Hispanic Health, Swen Sante Hudson River ak Relasyon Kominotè

William Murphy, Direktè Egzekitif, RYAN/Sant Sante Kominotè Chelsea-Clinton

Denis Nash, PhD, Pwofesè, Epidemyoloji ak Bio-statistik, Ofisye Egzekitif, Doktè Pwogram Sante Piblik, Inivèsite Vil New York, Lekòl Sante Piblik nan Kolèj Hunter

Regina Quattrochi, Ofisye Egzekitif anchèf, Bailey House

Robert H. Remien, PhD, Direktè, Sant VIH pou Etid Klinik ak Konpòtman, NYSPI ak Inivèsite Columbia

Stanley Richards, Senior VP, The Fortune Society

Therese Rodriguez, Ofisye Egzekitif anchèf, APICHA

Nathan M. Schaefer, Direktè Egzekitif, Empire State Pride Agenda
Ron Silverio, Prezidan ak Ofisye Egzekitif anchèf, Sèvis Sante Evergreen nan Lwès New York
Peter Staley, Aktivis SIDA
Reverend Moonhawk River Stone, Sikoterapis, Konsiltan, Riverstone Consulting
Glennnda Testone, Direktè Egzekitif, The Lesbian, Gay, Bisexual, and Transgender Community Center
Daniel Tietz, Ofisye Chèf Sèvis Spesyal, Administrasyon Resous Imen NYC
Antonio Urbina, MD, Direktè Medikal Adjwen, Lopital St. Luke's-Roosevelt
William Valenti, MD, Trillium Sante, Sosyete Medikal Prezidan Komite Maladi Enfektyez New York
Jay Varma, MD, Komisyonè Adjwen pou Kontwòl Maladi, NYCDOHMH
Linda Wagner, Direktè Egzekitif, Asosyasyon Ofisyèl Sante Konte Eta New York
Dennis Whalen, Prezidan Asosyasyon Swen Sante Eta New York
Terri Wilder Direktè, Edikasyon ak Fòmasyon VIH/SIDA Spencer Cox Center for Health, Mt. Enstiti Sinai pou Medsin Avanse
Doug Wirth, Prezidan, Ofisye Egzekitif anchèf, AmidaCare
Rodney Wright, MD, Direktètor, Pwogram VIH, Depatman Obstetrik ak Divizyon Jinekoloji Medsin Fetal Matènèl, Sant Medikal Montefiore, Pwofesè Adjwen, Obstetrik ak Jinekoloji, Kolèj Medsin Albert Einstein

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE